| ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ | ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ |
| --- | --- |
| **ҚАРОРИ** | **ҚАРАРЫ** |
| Нукус шахри | Нөкис каласы |
| № 161 | «3» март 2018 й.ж |

**Шоманай районы «Бегжап» аўыл пуқаралар жыйыны (Ташкент массиви) аймағындағы «RANN-OMAD» жуўапкершилиги шекленген жәмийетине районлық жер қоры майданларынан теплица (ыссыхана) қурылысы хәм аўыл хожалығы өнимлерин егип жетистириў ушын жер майданларын ажыратып бериў хаққындағы Шоманай районы хәкиминиң 2018-жыл 15-февральдағы 135/2-санлы шешимин тастыйықлаў хаққында**

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтиң 2017-жыл 15-16-декабрь күнлери Қарақалпақстан Республикасына сапары даўамында берилген тапсырмалар хәм кеңейтирилген тәризде өткерилген мәжилис баянламасының 47-бәнтине, Өзбекстан Республикасы Жер кодексиниң 5, 20, 23, 24 хәм 46-статьяларына тийкарланып, «Ўздаверлойиҳа» МИЖИның Қарақалпақстан бөлими тәрепинен орынланған жойбар жумысларын, Шоманай районы хәкиминиң 2018-жыл 15-февральдағы 135/2-санлы шешимин, Қарақалпақстан Республикасы Аўыл хәм суў хожалығы министрлиги хәмде Жер ресурслары хәм мәмлекетлик кадастры басқармасының 2018-жыл 22-февральдағы жуўмағын инабатқа алып, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Шоманай районы «Бегжап» аўыл пуқаралар жыйыны (Ташкент массиви) аймағындағы районлық жер қоры майданларынан «RANN-OMAD» жуўапкершилиги шекленген жәмийетине теплица (ыссыхана) қурылысы ушын улыўма жер майданы 2,0 гектар соннан, 1,0 гектар сүрим жер майданларын (соның ишинде, 0,1 гектар қосымша қурылыслар), (0,9 гектар жер жабық түрдеги сүрим жерге өтеди) тураклы пайдаланыўға хәм 1,0 гектар сүрим жер майданын аўыл хожалығы өнимлерин егип жетистириў ушын 30 (отыз) жыл мүддетке ижараға ажыратып бериў хаққындағы Шоманай районы хәкиминиң 2018-жыл 15-февральдағы 135/2-санлы шешими тастыйықлансын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик Салық басқармасына усы ажыратылған жер майданларына белгиленген тәртипте салық хәм басқада төлемлердиң өндирилиўин тәмийинлеў тапсырылсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Жер ресурслары хәм мәмлекетлик кадастры басқармасы Шоманай районы хәкимлиги менен биргеликте мәмлекетлик жер есабатына тийисли өзгерислерди киргизсин.

4. Усы карардың орынланыўын қадағалап барыў Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары С.Хожаметовке жүкленсин.

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң Баслығы К.Сариев